

Dwa ak

Responsablite Pasyan yo

Etablisman dyaliz la dwe enfòmasyon pasyan yo (oswa reprezantan yo) konsènan dwa yo genyen (ki enkli dwa sou vi prive yo) ak responsablite yo lè yo kòmanse tretman yo a epi yo dwe pwoteje ak respekte egzèsis dwa sa yo.

ANTANKE YON KONSOMATÈ DYALIZ, MWEN GEN DWA...

- Ak respè, diyite, epi rekonesans endividyalite mwen ak bezwen pèsònèl mwen yo, epi sansibilite pou bezwen sikolojik mwen yo ak kapasite mwen pou fè fas ak Maladi Ren nan Faz Tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD) la;
- Ak vi prive epi konfidansyalite nan tout aspè tretman mwen an;
- Pou m resevwa tout enfòmasyon yo nan yon fason mwen ka konprann;
- Ak vi prive epi konfidansyalite nan dosye medikal mwen;
- Pou yo enfòmasyon mwen epi pou mwen patisipe, si mwen vle, nan tout aspè swen mwen yo, epi pou yo enfòmasyon mwen sou dwa m genyen pou m refize yon tretman, sispann yon tretman, ak refize patisipe nan rechèch eksperimantal;
- Pou yo enfòmasyon mwen sou dwa mwen pou egzekite direktiv alavans, ak politik etablisman an konsènan direktiv alavans yo;
- Pou yo enfòmasyon mwen sou tout modalite tretman yo ak anviwònman kote yo gen pou yo fèt yo, ki enkli, men ki pa limite sèlman ak, grèf, modalite dyaliz adomisil yo (emodyaliz adomisil, dyaliz peritoneyal pa entèmitans, dyaliz peritoneyal kontinyèl, dyaliz peritoneyal siklik kontinyèl), ak emodyaliz nan etablisman. Mwen gen dwa pou m resevwa enfòmasyon sou modalite dyaliz etablisman an pa ofri, ki enkli enfòmasyon sou opsyon orè altènatif pou pasyan ki ap travay yo;
- Pou yo enfòmasyon mwen sou politik etablisman an konsènan swen pasyan yo, ki enkli, men ki pa limite sèlman ak, izòlman pasyan yo;
- Pou yo enfòmasyon mwen sou politik etablisman an konsènan re-izilizasyon founiti dyaliz yo, ki enkli emodyalizasyon yo;
- Pou doktè, enfimye/è pratikan, enfimye/è ki espesyalize nan zafè klinik, oswa asistan doktè ki ap trete mwen pou ESRD a enfòmasyon mwen konsènan eta sante mwen jan sa dokimante nan dosye medikal mwen an, sof si dosye a gen yon kont-endikasyon ki dokimante ladan l;
- Pou yo enfòmasyon mwen sou sèvis ki disponib nan etablisman an ak frè pou sèvis Medicare pa kouvri yo;
- Pou m resevwa sèvis ki nesesè ki dekri nan plan swen mwen an;

- Pou yo enfòmè mwen sou règ ak atant etablisman an konsènan konpòtman ak responsabiltè pasyan yo;
- Pou yo enfòmè mwen sou pwosesis doleyans entèn etablisman an;
- Pou yo enfòmè mwen sou dwa mwen genyen pou m depoze plent entèn oswa ekstèn, oswa toude, san reprezay oswa refi sèvis, epi pou yo enfòmè mwen sou lefèt mwen ka depoze plent la pèsònèlman, an anonim oswa atravè yon reprezantan mwen chwazi; epi
- Pou yo enfòmè mwen sou politik etablisman an konsènan egzeyat ak transfè, egzeyat woutin oswa envolontè, ak sispanasyon sèvis pasyan yo resevwa; pou m resevwa yon avi alekri 30 jou anvan yon pwosedi egzeyat envolontè. (Nan ka yon menas imedyà ak grav yon pasyan fè kont yon lòt pasyan oswa yon manm pèsònèl, etablisman an gen dwa pou l fè yon egzeyat envolontè imedyà pou asire sekirite tout moun.)

ANTANKE YON KONSOMATÈ DYALIZ, MWEN GEN RESPONSABILITE...

- Pou mwen trete lòt pasyan yo ak manm pèsònèl yo jan mwen t a renmen yo trete m, avèk respè;
- Pou peye fakti mwen alè. Si sa difisil pou mwen, mwen ka mande yon plan pèman;
- Pou enfòmè ekip swen sante mwen an si mwen refize nenpòt tretman oswa medikaman doktè mwen an te preskri;
- Pou enfòmè ekip swen sante mwen an si mwen pa konprann eta sante mwen oswa plan tretman mwen an;
- Pou mwen rive alè pou tretman yo oswa lè mwen gen randevou avèk doktè mwen an;
- Pou di manm pèsònèl yo nan sant lan si mwen konnen mwen pral anreta oswa rate yon tretman oswa randevou avèk doktè mwen an;
- Pou di ekip swen sante mwen an si mwen gen pwoblèm medikal, si mwen pral kay dantis, si yon lòt doktè ap ban m tretman, oswa si mwen te ale lopital resamman;
- Pou mwen patisipe nan planifikasyon pwòp swen mwen epi ale nan reyinyon plan swen yo lè sa posib;
- Pou evite itilize langaj ki pa apwopriye oswa ki menasan;
- Pou suiv règ ak règleman sant lan;
- Pou aprann kisa yon ijans ye ak ki aksyon yo dwe pran nan sitiasyon ijans yo;
- Pou mwen ale nan sant lan pou tretman mwen yo epi pou m tounen lakay mwen. Medicare pa peye pou transpò.



END-STAGE RENAL DISEASE NETWORKS

This material was prepared by Quality Insights under contract with the Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS), an agency of the U.S. Department of Health and Human Services (HHS). Views expressed in this material do not necessarily reflect the official views or policy of CMS or HHS, and any reference to a specific product or entity herein does not constitute endorsement of that product or entity by CMS or HHS. Publication No. ESRD-050526hc-MV